ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№130 (23.038) • 2015 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 8, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Іэ щІидзащ КъБР-м и Правительствэм хыхьэ къулыкъущІэхэр гъэувным теухуа указ зыбжанэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэу ягъэуващ нобэм къэс вице-премьеру - КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министру щыта **Дадэ МуІзед**.

Дадэ МуІзед КъБР-м и Парламентым и еплІанэ, етхуанэ хэхьгъуэхэм я депутату, ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІу щытащ. Ар «Хэку» политикэ партым КъБР-м щыІэ и щыналъэ къудамэм и правленэм и унафэщІу, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и щыналъэ къудамэу КъБР-м щыІэм и Советым и Бюром и аппаратым и унафэщІу щытащ.

Республикэм техникэ хэзэпщытэныгъэмкІэ и бюром и инженеру лэжьэн щІидзащ, экономикэм и ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм, республикэм и къэрал властым и органхэм унафэщІ къулыкъухэр щыІыгъащ. КъБР-м и ЩІыхь тхылъыр хуагъэфэщащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэу - КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министру ягъэуващ нобэм къэс Прохладнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэу щыта **Говоров Сергей**.

Говоров Сергей КъБР-м и мэкъумэш хозяйствэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ, мэкъумэш щІэныгъэхэм я кандидатщ. КъБР-м и Парламентым и депутату щытащ.

Петровхэ я цІэр зезыхьэ колхозым лэжьэн щыщІидзащ трактористым и дэІэпыкъуэгъуэ. Агроному, Прохладнэ районым мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкІэ и управленэм и унафэщІу щытащ. ИлъэсипщІым щыгъуэ Іэ лэжьащ Петровхэ я цІэкІэ щыІэ колхозым и тхьэмадэу.

КІуэкІуэ Ю. А. Іэ щІидзащ **Литовченкэ Татьянэ** КъБР-м и Іэтащхьэм и дэІэпыкъуэгъуу гъэувным теухуа Указым. ЯІыгъа къулыкъухэм трагъэкІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ **Альтуд Юрий**, КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Сунш Ануарбий** сымэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэгъэпэщыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м къыдигъэкІа Указ №199-УГ-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я къызэгъэпэщыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м къыдигъэкІа Указ №199-УГ-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн икІи абы и пункт 3-р мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхъын:

«3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу тху, абыхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр иІэу щытыну гъэувын.».

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м
№91-УГ

Алътуд Ю. Къ. и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэм и къулыкъур щхьэщыхьэм **Алътуд Юрий Къамболэт и къуэм**.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м
№92-УГ

Литовченкэ Т. В. и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэм и къулыкъур щхьэщыхьэм **Литовченкэ Татьянэ Василий и пхъум**.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м
№93-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэу - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министру гъэувын **Говоров Сергей Анатолий и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м
№94-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету, **унафэ щІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пыуыкІа Іуэхтхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м къыдигъэкІа Указ №241-УГ-мкІэ къищтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэгъэхьэн Говоров Сергей Анатолий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрыр;

б) Дадэ МуІзед Алий и къуэм и къулыкъур мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхъын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр»;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыхэгъэкІыжын Алтуд Ю. Къ., Литовченкэ Т. В. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м
№96-УГ

Сунш А. А. и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Сунш Ануарбий Іэбубэ и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэм и къулыкъур щхьэщыхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м
№97-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и дэІэпыкъуэгъуу гъэувын Литовченкэ Татьянэ Василий и пхъур.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м
№68-РГ

Власт и гъэзэщІакІуэ органхэм я лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным тепсэлъыхьащ

КъБР-м и Правительствэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьам икІи абы и ІэнатІэ щхьэхуэхэм я унафэщІхэр зэрызэрахъуэкІам къыхэкІыу КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм къыпэкІуэ сэбэпынагъым хэгъэхъуным теухуа зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.

КІУЭКІУЭ Юрий къигъэлъэгъуащ къапэщыт социально-экономикэ къалэнхэр гъэзэщІэным министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ зэгъэуІуауэ телэжьэн зэрыхуейр. Абыхэм гулъытэ хэха хуащІыпхъэщ цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным пыщІа Іэхухэр нэхъ псынщІэу дэгъэкІыным.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм, КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым я унафэщІхэр, КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Сурэтыр **Каюдин Евгений** *трихащ.*

КъБР-м и Іэтащхьэр хуэзащ Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу УФ-м и Президентым и деж щыІэ Астахов Павел

Дыгъуасэ КІуэкІуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм щыхуэзащ Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж щыІэ Астахов Павел. Ар пэжыгъэ Іуэхукіэ республикэм къэкІуауэ щыІэщ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ къэрал политикэр пхыгъэкІыным ехьэлІа Іуэхухэм. КІуэкІуэ Юрийрэ Астахов Павелрэ зэакъылэгъу хъущ балигъыпІэ имыувахэм ящыщу зи Іэху хуэмыщІахэм ядэІэпыкъунымкІэ адэкІи зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр дзгъэкІын зэрыхуеймкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэм хуэзэн ипэкІэ Астахов Павел щыІащ Нартан къуажэм сабий зеиншэхэм папщІэ дэт интернат школ №95-м, Сабий унэм, зи Іэпкльапкьым сэкъат иІэ цыкІухэр гъащІэм хэгъэзэгъэжыным елэжь сабий-ныбжьыщІэ спорт школым, Налшык къалэм дэт «Лэгъупыкъу» центрым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

АСТАХОВ Павел:

«Сэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сабий насыпыфІэхэр щыслъэгъуащ»

Дыгъуасэ Налшык щекІуэкІащ сабийхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным хуэгъэзэ къэрал политикэр пхыгъэкІыным щытепсэлъыхьа зэІущІэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж щыІэ Астахов Павел, республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ, законхэр къыдэзыгъэкІ къудамэхэм, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэр, щыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цІыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным пыщІа зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

ЗэІущІэр къыщыхэзІуихым КІуэкІуэ Ю. А. зэрыжиІамкІэ, Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэм и нэІэ ятриГъэтщ балигъ мыхъуауэр щапІыж унэхэм, зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжу къэнахэмрэ я интернат еджапІэхэм, цІыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ езыт ограничэм я деж сабийхэм папщІэ къыщыхэзрагъэпэща интернат унэхэм, нэгъуэщІхэми.

«Ди республикэр къапщтэмэ, - хэхауэ жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм, - ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ Іуэхущ Іапі Іэхэр щымащІэкъым. ПсэукІэр тэмэму екІуэкІмэ, сабийхэр щапІын хуейр унагъуэрщ. Аращ иужь зэманым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжу къанэ сабийхэмрэ я бжыгъэр гъэмэщІэным щыхуэунэтІар».

Астахов П. А. и псалъэр триухуащ республикэм и сабий Іуэхущ Іапі Іэхэм я лэжьыкІэр зэрыщІапщытыкІам къарикІуахэм. 2010 гъэм апхуэдэ къэпщытэныгъэм ныкъусаныгъэ пыуыкІахэр зэрыщыІэр къигъэлъэгъуауэ щытамэ, жиІащ Уполномоченнэм, иджы Іуэхум нэрылъагъуу зехъуэж. Сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэІэм щІэмытыж сабийхэмрэ я бжыгъэр тІукІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Я бынхэр тэмэму зэрамыгъасэм къыхэкІыу КъБР-м щыщ адэ-анэу 177-м я сабийхэр 2012 гъэм суд унафэкІэ къыІахауэ щытамэ, 2013 гъэм а бжыгъэр 133-м, 2014 гъэм 72-м нэсу къехащ.

Астахов Павел апхуэдэу къыхигъэщхьэхуІащ республикэм и Сабий унэм и лэжьакІэр тэмэму къызэрагъэпэщауэ къызэрыльытэр: «ЩІыналъэ кУэд бгъуэтынкъым апхуэдэ Іуэхущ Іапі Іэ тэмэм щылажьэу». Сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжу къэна сабийхэмрэ ящыщу 2012 гъэм къыхатхыкІахэм я процент 65-р унагъуэхэм зрашэлІауэ щытамэ, 2014 гъэм апхуэдэ сабийуэ къыхатхыкІа псори, уеблэмэ ятакІэ сабий унэхэм къыщынауэ щытахэри, унагъуэхэм япІыжыну Іахащ. Уполномоченнэм зэрыжиІамкІэ, апхуэдэу лэжьыгъэ зэгъэуІуауэ телэжьэн зэрыхуейр.

Бэлэстокъуэ В. Хь. 1960 гъэм гъатхэпэм и 30-м Тэрч районым щыщ Урожайнэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэр къарал университетыр «бухгалтер-экономист» Іэщ Іагъэмкіэ къиухащ. Тэрч районым щыщ Урожайнэ къуажэм щыІа колхозым и экономисту лэжьэн щІидзащ. ИужькІэ цІыхухэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкІэ ІэнатІэм, налог органхэм щыІащ. 1988 гъэм щыщІэдзауэ УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и къуэдзэу щытащ. КъБР-м и Парламентым, Правительствэм я ЩІыхь тхылъхэр къратащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Сурэтхэр **Каюдин Евгений** *трихащ.*

Бэлэстокъуэ Владимир Тэрч щІыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр егъэзащІэ

Дыгъуасэ Тэрч муниципальнэ щІыналъэм щыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмкІэ и советым и сессием езыр зэрыльэІуам къыхэкІыу и къулыкъум щытрагъэкІащ район администрацэм и Іэтащхьэ Пэнагуэ Максим. Абы и къалэнхэр игъэзэщІэну ягъэуващ нэхъ япэкІэ Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и къуэдзэу щыта Бэлэстокъуэ Владимир Хьэмац и къуэр.

Пэнагуэ Максим илъэс тІощІым щІигъуКІэ Тэрч районым и Іэтащхьэу щытащ. Илъэс кУэд ПІандэрэ хьэлэлу зэрылажьам папщІэ абы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІыу фІыщІэ хуищащ.

Бэлэстокъуэ В. Хь. 1960 гъэм гъатхэпэм и 30-м Тэрч районым щыщ Урожайнэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэр къарал университетыр «бухгалтер-экономист» Іэщ Іагъэмкіэ къиухащ. Тэрч районым щыщ Урожайнэ къуажэм щыІа колхозым и экономисту лэжьэн щІидзащ. ИужькІэ цІыхухэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкІэ ІэнатІэм, налог органхэм щыІащ. 1988 гъэм щыщІэдзауэ УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и къуэдзэу щытащ. КъБР-м и Парламентым, Правительствэм я ЩІыхь тхылъхэр къратащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Астахов Павел республикэм и сабий Іуэхущіапіэ зыбжанэм щыІащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэ Іуэхукіэ къэкІуащ Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж щыІэ Астахов Павел. Ар еплъащ балигъ мыхъуахэр егъэджэнымрэ абыхэм медицинэ дэІепыкъуныгъэ етынымрэ телажьэ социальнэ Іуэхущіапіэ зыбжанэм.

АСТАХОВ Павел щыІигъу а Іуэхущіапіэхэр къызэхакІухьащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ министр **Емуз Нинэ**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэныкІэ министр **Шэт Ирмэ**, КъБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэрэпэщынымрэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт**, Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэ **Уэгъуз Светланэ** сымэ.

Хьэщіэмрэ абы и гъусэхэмрэ псом япэу еплъащ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжу къэна сабийхэмрэ щапІу Нартан къуажэм дэт интернат школым. Уполномоченнэр щыгъуазэ ящІащ а еджапІэм иджыпсту унагъуэ щыкІэу къыщыдэзрагъэпэщауэ гуп 23-рэ зэрыщыІэм. Интернатым щІэс сабийхэр фэтэр щхьэхуэу зэпыуда псэупІэхэм гуп-гупурэ щІэсщ. Зи ныбжькІэ зэхуэмыдэ сабийуэ 8 – 10 къэс апхуэдэ зы фэтэр яІыгъщ, пщэфІапІэри, зыгъэпсэхупІэри, щыжеину, щызыдэІэбэныжыну пэшхэри хэту. Апхуэдэ тегуэшэкІэр, педагогхэм къызэрапьытэмкІэ, нэхъ тэмэмщ, сыту жыпІэмэ зэмыныбжь сабийхэр зосэжри, зы унагъуэм хуэдэу зддопсэу. Еджапіэ унэм хиубыдэу къыщызэрагъэпэщащ зэкІэ школым щІэмыштІысхьа цІыкІухэр щагъасэ гуп.

Астахов Павел классхэр, сабийхэр щыжей пэшхэр къыплъыхьащ, цІыкІухэм епсэлъащ. Школым спортым щыщхуэгъасэ пэшыщхуэ, апхуэдэу кружок зэмыпІэуэжыгъуэхэр щыпажьэ пэшхэр щыІэщ. Интернатым езым и газет къыдегъэкІ.

Омбудсменым и гъусэхэм гу лъаригъэтащ цІыкІуэхэм интернатыр къыжиІаежь я Іуэхур зэрыхъум, зеиншэхэр псэупІэкІэ къызэрызэрагъэпэщым зэрыкІэлъплъыхьэм. Абы и лъэныкъуэкІэ Іуэхушхуэ зэфІегъэкІ интернатыр къзэуахэр гъащІэм хэгъэзэгъэнымкІэ мыбы къыщызэрагъэпэща центрым. Школым къыщІэкІахэр абы зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм щызэхуэозэри, я Іуэхуэр зытетыр зэхуэдэуэ.

Хьэщіэр интернатым иІыгъ щапІэ-ми къыщыращэкІащ. Ар сабийхэм ятегуэшащи, къабзэгъабзэгу, екІуу зэрахьэ. Еджапіэ унэм пмыжьжьэу псыутх екІуэхэр щытщ, къекІуэкІыу щхъуантІагъэрэ удэ гъэгъарэщ. Сабийхэм апхуэдэу хадэхэкІэр теплиуцІ щхьэхуэм щагъэкІ. Интернатым и унафэщІ Алишанов Алисуэтіан зэрыжиІамкІэ, цІыкІуэхэм кърахьэлІэ хадэхэкІэри зэи лей хъуркъым. Абы кьыдэкІуэу апхуэдэ Іуэху къызэгъэпэщыкІэм и фІыщІэкІэ сабийхэр лэжьыгъэм дихьэхыу къотэдж.

Астахов Павел къиплъыхьащ интернатым и ухуэныгъэ нэхъыщхьэхэр, спортым щыхуагъасэ пэшыр.

Къыкіэлъыкіуэу гупыр щыІащ Налшык къалэм дэт Сабий унэм. Иджыпсту мы Іуэхущіапіэм сабий 58-рэ щыІэщ. Абыхэм нэмыщІ нэгъуэщІ сабий 50-м я узыншагъэр зыхуэфащэ Іуэхущіапіэхэм щызэтрагъуэвэж. Мы Іуэхущіапіэм щапІыж зи Іэпкъльэпкъыр тэмэму къызыдэмыбз сабий ныкъуэдыкъуэхэри. Астахов Павел еплъащ узыншагъэр зэгегъуэвэжьымыкІэ, цІыкІуэм психологие дэІепыкъуныгъэ етынымкІэ пэшхэм, логопедхэм я лэжьапІэ Іэнатіэм. Ар сабий сымаджэхэм я адэ-анэхэм, сабий зеиншэхэр щапІыж къудамэм и лэжьакІуэхэм епсэлъащ.

А махуэ дыдэм Сабийм и хуитынгъэхэмкІэ уполномоченнэр щыІащ зи узыншагъэр зэкІэлъыныкІуэ сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ спортым и Іэмалхэр къагъэсэбэпурэ гъащІэм щыхагъэзэгъэж школым. Зы илъэс япэкІэ къызэІуаха а Іуэхущіапіэм цІыхушэм щІигъу йокІуаІэ. Зыхуей Іэмэпсымэхэр, Іэщіагъэлі Іэкіуэлъакіуэхэр зэрыщыІэм къыхэкІыу мы школым Іуэхуфі куэд зэфІегъэкІ. Абы и гъэсэнхэм хьарзынэу зыкъыщагъэлъагъуэ урысейпсо спорт зэхьэзэхуэхэм. Школым и лІыкІуэхэр хэтынущ мыгувэу Челябинск щекІуэкІыныгъ спартакиадэм.

Зи ныбжьыр илъэси 8-м щегъэжьауэ илъэс 22-м нэс сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ псым есыным, шууэ къэкІуэныным, дзюдом, волейболым хуагъасэ. Школым и къудамэхэр Налшык, Прохладнэ къалэхэм щыІэщ.

Астахов Павел игу ирихьащ сабийхэм я узыншагъэр егъэфІекІуэным хэгъэзауэ республикэм къыщызэрагъэпэща хэкІыпІэхэр. Зи узыншагъэр зэкІэлъымыкІуэ сабийхэр гъащІэм щыхагъэзэгъэж «Лэгъупыкъу» центрым и лицензиэ псом щызэблэкІ сабийхэм минитІ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и нэгъуэщІ щыналъхэхэм къикІхэр яхэтщ. Мы центрым щызэтрагъуваущ сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ гъащІэм хэгъэзэгъэжьынымрэ теухуа иджырей программэ хьэлэмэт.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

● Жылагъуэ палатэ

Фейдэ къегъэщІыным пымыщІахэм зыщІагъакъуэ

Бадзэуэгъуэм и 3-м КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и XII зэІущІэ Налшык къалэ щекІуэкІащ. Абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Битокъу Владимир, КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, щыхубэ зэгухьэныгъэхэмкІэ Іуэхущіапіэхэм зегъэужьыныкІэ, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ Пащты Борис, нэгъуэщІхэри.

ЗэІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ фейдэ къегъэщІыным пымыщІауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іуэхущіапіэхэм я щытыкІэм, ахэр зыІууэ лъэпощхьэпохэм, Іэнатіэм зэрызегъэужьыпхъэ Іэмалхэмрэ нэхъапэ игъэщыпхъэхэмрэ. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Унафэщі **Чеченов Ануар** тепсэлъыхьащ фейдэ къегъэщІыным пымыщІа зэгухьэныгъэхэм иужьрей зэманым гулъытэ щхьэхуэ хуащІ зэрыхъуам, апхуэдэхэм я лэжьыгъэм республикэм щыпсэухэм я дежкІэ иІэ мыхьэнэр зэрыиным, мы гъэм а Іуэхущіапіэхэм иратыну ахъшэр нэхъыбэ зэрыхъуам, мы зэгухьэныгъэхэм я нэІэ зэрытрагъэтыпхъэм, цІыкІуэр нэхъыбэу зыгъэгугъаз Іуэхухэм.

- Фейдэ къегъэщІыным пымыщІа Іуэхущіапіэхэм иджыкІэ я къалэн нэхъыщхьэр Іуэхутхьэбзэ къэралым, бизнесым, жылагъуэм хуащІэнырщ. ЗытрагъэщІапхъэри нэхъ къахуэныкъуэхэмрэ нэхъапэу зэфІэхыпхъэхэмрэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, сабий унэм щапІэхэр гъащІэм хэгъэсыхьныр, хэзэгъэныкІэ ядэІепыкъуныр, хамэ къэрал къикІыжауэ дж щыпсэуэжр ди щІыналъэм и хабзэхэм, щыІэкІэ-псэукІэм щыгъэгъуэзэнр, щхьэгъусэ бгъэдэмысу сабий зыпІ анэхэр лэжьапІэ гъэувынир, - жиІащ абы.

Ялэ игъэщІапхъэ жэрдэмхэр зыубзыху агентствэмрэ Урысейм Экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэмрэ яубзыхуащ фейдэ къегъэщІыным пымыщІа Іуэхущіапіэхэм социальнэ Іуэхутхьэбзэ ялэжьыным дегъэжьхьыныкІэ щапхъэхэр.

Чеченовым и псалъэхэм къыхихьэщащ адрей хэгъуэгурэм хуэдэу, фейдэ къегъэщІыным пымыщІахэмрэ коммерцэм епха Іуэхущіапіэхэмрэ зэгъусэу хьыхьэну къэралым къызэриГъэпэщ, текІуэм ахъшэ щрат зэпеуэхэм. Апхуэдэ зэдзлэжьныгъэм и зы щапхъэщ «Урысей Илщэм и социальнэ инвестицэхэр» проектыр.

УФ-м и Президентым и унафэкІэ апхуэдэ зэпеуэхэм хуахащ сом мелиарди 4-рэ мин 228-м щІигъу. ЦІыхухэм я псэукІэр, зэхэщІыкІыр езыгъэфІакІуэ Іуэхущіапіэхэм трагуэшэнущ а ахъшэр. Мы гъэм зэпеуэу щы ирагъэкІуэнущ. Ялэр бадзэуэгъуэм и 1-м ирагъэкІуэкІащ, етІуанэр жэпуэгъуэм и 20-м, ещанэр дыгъэгъазэм и 7-м ирихьэлІэу къызэрагъэпэщыну я мурадщ. Фейдэ къегъэщІыным пымыщІа Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэр кьелъахъэ грант къызэрыхьыну щІыкІэм тэмэму зэрыщымыгъуаззм, - жиІащ Чеченовым.

Жылагъуэ палатэм и УнафэщІыр тепсэлъыхьащ фейдэ къегъэщІыным пымыщІа Іуэхущіапіэхэм зы реестр зэрамыІэм и зэранкІэ къэралым къарит ахъшэр тэмэму ятегуэша зэрымыхъум. Зы реестрым и фІыгъэкІэ нахъ зыкунщ Іуэхущіапіэм илэжьар, хэрал фейдэр зытригъэкІуэдар.

Фейдэ къегъэщІыным пымыщІа Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэр ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ, УФ-м и Жылагъуэ палатэм къыхилъхьащ фейдэ къегъэщІыным пымыщІа Іуэхущіапіэхэр зэрылажьэ хабзэм «Социальнэ мыхьэнэшхуэ зиІэ, фейдэ къегъэщІыным пымыщІа Іуэхущіапіэ» гурыІуэныгъэр хагъахьэну. А цІэр хуагъэфэщэнущ псом хэмыдэу жылагъуэр нахъ зыхуэныкъуэ Іуэхуэр зэпэщу зэфІэзэгъэкІ зэгухьэныгъэхэм. Апхуэдэ цІэ зыфІащахэм унэтІыныгъэ зэхуэмыдэхэмкІэ зыщІагъэкъуэнщ, налог е нэгъуэщІ льготэ лІэужьыгъуэхэр иратынущ.

Чеченовым и псалъэхэм щыІэныгъэм иц лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм, цІыкІугъэм, хабзэм я фІыгъэкІэ мамыригъэр хъума зэрыхъур, республикэм зэрызиужьыр икІи а хьэл-щэнхэр Іэщіыб тщІынкІэ Іэмал зэримыІэр. Жылагъуэ палатэм и Унафэщым фІэщхъуныгъэ хэлъу жеІэ фейдэ къегъэщІыным пымыщІа Іуэхущіапіэхэр зэрыхуэщіапіэхэр зэрыхуэщхьэпэфынур а лъапІэныгъэхэр хъума хъуным.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Унафэщі **Апхуд Мурат** и къалэныр щхьэщыщыным арэзы теХъуащ зэІущІэм хэтахэр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

ШЭТ Ирмэ: Къэралым и нейрохирург нэхъыфІ дыдэхэр къыддэІэпыкъуну къэкІуащ

Кавказ Ищхъэрэм и Іэщіагъэлі Іэхэм папщІэ Налшык къыщызэрагъэпэща «Гъэтіылъыпіэ зимыІэ нейрохирургие дэІепыкъунигъэ» зэхуэсыр ирагъэкІуэкІыну ди деж къебгъэгъащ Москва, Санкт-Петербург, Ростов, Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я Іэщіагъэлі нэхъыфІ дыдэхэр. Зэ Іуэ Іэр зытеухуар медицинэм и нейрохирургие Іэнатіэм и иджырей ехъулІэныгъэхэм щыгъуазэ зыщІыныр.

ДОХУТЫР цІэрыІуэхэм я лекцэхэм яфІэгъэщІэгъуэну йодаІуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и Іуэхущіапіэхэм я Іэщіагъэлі Іуэ щхьэ куцІым лъэр зэрыщыІэкІуэм пыщІа узыфэхэр гъэхъуэжьыным елэжьхэр - нейрохирургхэр, неврологхэр, реаниматологхэр, неонатологхэр, травматологхэр. Лекцэхэм къоджэ нейрохирургием ехьэлІауэ зи диссертацэхэр пхъышІэхэм я доктору, кандидату цІыху 15, абыхэм профессор цІэрыІуэу блы яхэту. Лекцэхэр ятеухуащ щхьэм, тхы къупщІыжьэм ягъэтэ фэбжьхэр, щхьэ куцІым лъэр тэмэму зэрыщыІэкІыуэр зэрагъэхъуэ щыкІэхэм.

Мы зэхьхьэшхуэм къирихьэлІащ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием, Урысейм Медицинэ щІэныгъэхэмкІэ и академием я академик, Урысейм и Нейрохирургхэм я ассоциацэм и президент **Коновалов Александр**, Урысейм и нейрохирург нэхъыщхьэ, мы зэхуэсым и унафэщІ **Крылов Владимир**, Дженавидзе И. И. и цІэр зезыхьэ институтым (Санкт-Петербург къалэ) и унафэщІ **Парфёнов Валерий**, Москва узыншагъэр хъумэныкІэ и департаментым сабий хирургиемрэ травматологиемкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым нейрохирургиемкІэ и къудамэм и унафэщІ, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор **Семэн Жаннэ** сымэ.

Зэхьхьэшхуэр къызэІуихащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министр **Шэт Ирмэ**. Республикэм и медицинэ лэжьакІуэхэм я цІыкІэ ар къызэхуэсахэм екъуэхъуащ лэжьыгъэ тэмэм ирагъэкІуэкІыну. ЩІэныгъэлІ зэІущІэм къекІуэлІа хьэщІэ псоми абы фІыщІэ яхуищащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыкІуам папщІэ икІи ди щІыналъэм узыншагъэр хъумэныкІэ и Іэнатіэм и дежкІэ а зэІущІэм мыхьэнэ хэха зэриІэр, нейрохирургием зегъэужьныкІэ ар сэбэпышхуэ зэрыхъунур къыхихьащхьэхуэкІащ.

Вице-премьерым и докладыр триухуащ лъынтхуэхэм ныкъуэдыкъуагъэ хэзыххэмрэ гъэмэщІэныкІэ республикэм щалэжьхэм.

Гу зылъытапхъащ мыпхуэдэ бжыгъэхэр. Урысей Федерацэм илъэс къэс ику иту цІыху мин 500-м нэблагъэм инсулят къащІоуалІэ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, апхуэдэхэм я бжыгъэр мини 2 хуэдиз хъууэ аращ. Лъынтхуэ узэхм еІэзэныныкІэ федеральнэ программэр ди республикэм нэхъ щІэгъэхуэбжьауэ щагъэзащІэу щІадзащ 2013 гъэм. Узыфэр зэуэлІаужьыным ягъэмащІэныкІэ республикэм щалэжьхэм.

Лъынтхуэ узыфэхэм ялІыкІэхэм я лэжьыгъэхэр щагъэхьэжьауэ ягъэмащІэныкІэ. Ахэр Налшык къалэ округым и къалэ сымаджэщым. Прохладнэ къалэм и районым сымаджэщым къыщызэІуахащ икІи дэтхэнэми балигъ хъуахэм ящыщу мини 130 - 150-рэ егъэбыдыІлащ. Абыхэм щхьэ куцІым и щытыкІэр компьютер томографэмкІэ къыщащыту, щхьэмрэ пщэмрэ хэлъ лъынтхуэхэм я щытыкІэм ультразвукІэ зэрыкІэлъплъ Іэмэпсымэхэр яІащ, лабораторхэр зыхуей псомкІи къызэрэпэщащ. А Іуэхущіапіэхэм инсулят узыфэр псынщІэу щІэзэхгъэкІ икІи ар гъэхъужьыным пыщІа япэ Іыхьэм хиубыдэ лэжьыгъэхэр къызэрагъэпэщ. Инсулятым пэщІэтынымкІэ лэжьыгъэхэм я етІуанэ Іыхьэр къызэрегъэпэщ республикэ клиникэ сымаджэщым къыщызэІуаха щІыналъэ центрым. Пэублэ лэжьыгъэхэм ядэкІуэу лъынтхуэ узыфэхэмкІэ щІыналъэ центрым технологие лъагэхэр зи лъабжьэ икІи ныб

Уэгъуэ Мухьэмэд Бахъсэн щагъэлъапIэ

КъШР-мрэ Ингушымрэ я цIыхубэ усакIуэ, къэрал лэжьакIуэ Уэгъуэ Мухьэмэд и усэхэм теухуа пшыхь Бахъсэн къалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм щекIуэкIащ.

МЫ КЪАЛЭМРЭ районымрэ щыпсэухэм нэмыщI, республикэм и нэгъуэщI щыпIэхэми къикIа-хэр яхэтащ къыззэхуэсахэм, усакIуэм и Iэдакъэщ1экIхэм щыгъуазэ защIыну, ар даIыгъыну хуейуэ.

Уэгъуэ Мухьэмэд юрист цIэрыIуэщ, КъБР-м и Суд департаментым и унафэщIщ, республикэм щIыхь зиIэ и юристщ, «Хэкум и пащхьэм щIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и 2-нэ нагъыщэм и медалыр къратащ.

УсакIуэм ехъуэхъуащ Бахъсэн районым и администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн икIи ЩIыхь тхылъ иритащ. Езы Уэгъуэри муниципалитетым и унафэщIым къыхуэупсащ дипломрэ «Жылагъуэм и сэбэп зыхэлъхэм папщIэ» бгъэхэIу дамыгъэкIэ. Абы жиIащ Сыжажэр и къару псори ехьэлIауэ цIыхухэм зэрахуэлажьэр.

Мухьэмэд еэзыр щалъхуа Дзэлыкъуэкъуажэ 1977 гъэм лэжьэн щыщIидзащ, Дзэлыкъуэ щIыналъэм и прокуратурэм и следователу лэжьащ, Бахъсэн районым и прокурору щытащ.

Уэгъуэзыр УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, КъШР-мрэ Ингушымрэ я цIыхубэ усакIуэщ.

Мухьэмэд къыдигъэкIа тхылъищым ит усэхэр гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым теухуащ: адэ-анэм, щIыуэпсым, лъагъуныгъэм, диным, щалъхуа къуажэм, езым псэкIэ и гъунэгъу цIыхухэм.

Зи гугъу тщIы пщыхьащхьэ гукъинэжым абы и усэхэм къыщеджащ къалэмрэ районымрэ я школхэм щIэсхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Бэч Азэмэт, ЦокIыл Азэмэт, ДыщэкI Артур сымэ.

Къызэхуэсахэм псом хуэмыдэу ягу ирихьащ республикэ телевиденэм и диктор Аттаев Азнор къызэдза «Бегъымбар» уэср.

Пшыхьыр ягъэдзхащ адыгэ къафэхэмкIэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Гъуазджэ

«Псалъэншэ уэрэдхэр»

КъБР-м и цIыхубэ артист, композитор, пианист Къэбэрдокъуэ Мурат Налшык и Музыкэ къэрал театрым утыку къыщрихьащ «Псалъэншэ уэрэдхэр» зыфIища и альбомыр.

САНКТ-ПЕТЕРБУРГ щылажьэ ди хэкуэгъу композитор щIалэщIэм и макъамэхэр зигу дыхьэхэр зэрыкуэдыр нэрылъагъуу пшыхьым щызэхуэсащ республикэм и щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэ пажэхэр, студентхэр, Мурат и макъамэхэмрэ уэрэдхэмрэ дихьэхэр, абы и Iыхьлыхэр, и благъэхэр. Концертым еблэгъа хьэщIэ лъапIэхэм яхэтащ УФ-м и цIыхубэ артист, кинорежиссёр цIэрыIуэ Сокуров Александр.

«Псалъэншэ уэрэдхэр» альбомыр итхынымкIэ, ар къыдигъэкIынымкIэ къызэрыдэIэпыкъуам папщIэ Къэбэрдокъуэ Мурат фIыщIэ яхуищащ «Россия» хьэщIэщым и унафэщI Сокуровэ Евгение, «Прайд» такси Iэхуэщ1апIэм и Iэтащхьэ Сэралъп Аслъэнбэч, Шыхъуэстэн Оксанэ, Данилов Олег, нэгъуэщIхэми.

Пшыхьым къыщыпсэлъащ композитор, усакIуэ ХьэIуп Джэбрэ1ил. Къэбэрдокъуэ Мурат макъамэм зэфIэкIышхуэ зэрыщIэр абы къыхигъэщащ.

Урысейм и щэнхабзэм и цIыху цIэрыIуэхэм ядзлажьэ Къэбэрдокъуэм и пшыхьыр игъэдзхащ Санкт-Петербург и «Клевер-квартет» камернэ оркестрым. Гупыр цIыхуиплI мэхъу. Ахэр скрипкэ еуэхэу Стародубцев Антонрэ Шмелёвэ Екатеринэрэ, алтым еуэ Баринов Борис, виолончелым хуэIэзэ Ботвин Игорь сымэщ. Къыхэгъэщыпхъэщ Къэбэрдокъуэ Мурат мы гупым зэрыдэлажьэр, концертхэр зэгъусэу зэратыр, Iэзху щхьэпхэр зэрызэдащIэр. Апхуэдэщ продюсер Тельнов Алексей и «Цурцула» проектым хыхьэу, Санкт-Петербург дэт «Лендок» студием макъамэхэр зэгъусэу зэрыщатхар.

Къэбэрдокъуэ Мурат пианинэм къригъэкI псалъэншэ уэрэдхэмрэ «Клевер-квартет»-м хэтхэм къагъэщIа макъамэмрэ гум дыхьэрт, гупсысэмрэ гукъэкIыжкэмрэ ухашэу. ЖыпIэнуракъэ, макъамэм упэжыжьэми, ар зи псэм хэлъхэм къагъэщI уэрэдхэр зыхьуымыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Къызэхуэсахэм а макъамэхэр зыхащIэ къудей мыхъуу, зыщамыгъэнщIу едаIуэрт. Концертым и ятIэ Iыхьэм щагъэззщIащ композитор цIэрыIуэ Прокофьев Сергей и «Кабардинский» квартетыр.

Зэрыхабзэу, мы пшыхьым зыкъраГъэхъэлIащ макъамэм и курыхыр фIыуэ зыхэзыщIэхэм, а Iэщ1агъэм ирилажьэхэм, абы хуеджэхэм. Къыжьыапхъэщ макъамэ гъуазджэр зи псэм къыщыгъэущыпхъэхэм я дежкIэ Къэбэрдокъуэ Мурат и концертыр зэрыщхьэпэр.

Сыхьэтитым нэблагъэкIэ екIуэкIа концертыр псынщIэу блэлъэтащ. Къэбэрдокъуэм и лэжьыгъэхэм дихьэхэм я «псыхуэлIэр» мы пщыхьащхьэм иримыгъэкIами, «псы Iубыгъуэ» яхуэхъущ. Iэгъуэхэр мыухыкт, пшыхь гуапэм гукъыдж, дэрэжэгъуэ куэд къызэрыпэкIуар наIуэ.

Урысейм и щэнхабзэ къалащхьэу къалъытэ Санкт-Петербург илъэс зыбжанэ хъуауэ щыпсэу Мурат зыхэтым яхэшыпсыхьакъым. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым гукIи псэкIи пыщIащ, и лэжьыгъэхэми адыгэ щэнхабзэм ижь къащIихуащ. Республикэм щекIуэкI щэнхабзэ зэхыхьэхэми жыджэру хэтщ Къэбэрдокъуэр, и Iэдакъэщ1экI макъамэкIэ и хэкуэгъуэхэр игъэгуфIэу. Адыгэ щIалэм и вагъуэр макъамэ гъуазджэм нуру къыщоблэ, апхуэдэ щIэблэ зиIэ лъэпкыр зэрыуэзынщэм, и къэкIуэнэр зэрыдахэм и нэщанэу. Зи мурадхэр ерыщу ззэзгъэхъупIэф щIалэ жыджэрым адыгэ макъамэр дуней псом зэрыхихьэнур ди фIэщ мэхъу.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Лъэхъэнэ насыпыфIэ

● Япэ тхыгъэхэр

Гъащ1эм и дахэгъуэ, и Iэфы1пIэ зэманхэм щыщщ сабиигъуэр. Цы1кIуэкIр гуфIэу зыльагъу балигъэри насыпыфIэщ. Апхуэдэ дзрэжагъуэ зыхащIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ Къэсейхьэблэ (Бахъсэнёнкэ) жылэм щыпсэухэм. Щ1эблэм гъэсэныгъэ дахэ, щIэныгъэфI щагъуэт къуажэ еджапIэхэм.

БАХЪСЭНЁНКЭ дэт ещанэ курыт школым (унафэщIыр Джатокъуэ Валерэ Мухьэдин и къуэрщ) къепхауэ лажьэ сабий садым, еджапIэхэм ещхьу, цIыкIухэр еджэным, тхэным, сурэт щIыным, уэрэд жыIэным, къэфэным, спортым щыдрагъэхьэх. Сабий Iэхуэщ1апIэм и пщIантIэм уэзрыдыхьэу, зыхьбощIэ ар нэмыс, хабзэ, гъэсэныгъэ зэрылъ лъахэу зэрыщытыр. КъызэрызэIуахрэ куэд мыщIами, абы и цIэр фIыкIэ къыщIалуэ районым республикэмэ.

Садым гупытэшхуэ щыхуащI цIыкIухэр адыгэбзэм, урысыбзэм, инджылызыбзэм хуэщэрыуэу къэхъуным. Ар жыджэру хэтщ республикэми районми щекIуэкI щIэныгъэгъэсэныгъэ Iуэхугъуэхэм. Апхуэдэхэм ящыщщ «Си бзэ - си псэ, си дуней», «Iущхэмрэ Iущыщхэмрэ» республикэпсо зэхьэзэхуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Iэхуэщ1апIэм и гъэсакIуэхэм ящыщ дэтхэнэми езым и проект иэжу мэлажьэ. ГъэсакIуэ Къущхьэкъан Тоня къыхилъха «ЩIэблэ щыкIафIэ» Iэхуэм ипкъ иткIэ, сабийхэр щIагъэджыкI адыгэ хабзэм. Иджыблагъэ гъэсакIуэм иригъэкIуэкIа «Ди нэхъыжьхэр догъэлъапIэ» зэIущIэм къригъэблагъащ цIыкIухэм я адэшхуэ-анэшхуэхэр. Абыхэм я пащхьэ сабийхэм ирахьащ нэхъыжьым хуэщIыпхъэ пщIэм, нэмысым теухуауэ езыхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэр.

Апхуэдэу цIыкIухэм къагъэлъэгъуащ адыгэ хабзэм щыщ Iэхуэгъуэ зыбжанэ: «Къуейплъыжьк1эрыщIэ», «Унэишэ», «Гущэхапхэ», «Лъэтеувэ», нэгъуэщIхэри. Щэч хэмылъу, гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ фIы куэд абыхэм кьыхахащ. Апхуэдэу щапхъэкIэ щIэгъэбыдауэ сабийм бгъэдалъхьэ гъэсэныгъэ-еджэныгъэр акъылым хэмыхьэу, гум иримыубыдэу кьанэркъым.

ЖыпIэнурамэ, икъукIэ лэжьыгъэшхуэ щызэфIагъэкI мы сабий гъэсапIэм. Садым и унэм узэрыщIыхьэу, пэшхэм кьыщIоIукI уэрэдхэр, макъамэхэр, зэхьбох хьэрфхэр, бжыгъэхэр егупуу кьэзыбж сабийхэм я макъхэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщI, апхуэдэу хуэхьэзыру школым кIуэ сабийр абдежми щохъуIэ, еджэныр зэшыгъуэ щымыхъуу, щIэныгъэм и щэхухэр махуэ кьэс кьызэритIащIыным хуэпабгъэу. Сабийм зиужьынымкIэ, къэзыухъуреихь дунейр нэсу кьыгурыIуэнымкIэ щхьэпэ мыхъуу кьанэркъым цIыкIухэм кьуалэбзухэми, псэущхьэхэми, къэкIыгъэхэми я щIэIэкIэ-псэукIэм епха щэхухэр зэрырагъащIэр. Сабийхэм ягу нэхъ ирихьэм ящыщщ унагъуэм, адэ-анэм ятеуха хьыбархэр, таурыхъхэр, шыпсэхэр. ДжэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэри яфIэхьэлэмэту зрагъащIэ.

Зи гугъу сщIы лэжьыгъэхэм я узэщIакIуэщ сабий садым и пашэ Нэзэр Мадинэ Аслъэн и пхъур. Мадинэ и ныбжькIэ щIалэщ, жанщ, губзыгъэщ, зи Iэнатlэм емызэшыжу пэрыт цIыхущ. А унафэщI Iэкlуэлъакlуэм хуэзфIокI и нэIэм щIэт гупыр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэу игъэлэжьэн.

ХЬЭНДЭХЪУ Кларэ,
КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым и студентк.

Гури псэри зыхьэху

ЕгъэджакIуэ Iэщ1агъэр адрей Iэщ1агъэ псом я кьежьапIэу жьыпIэ хъунущ. Абы ирилажьэ цIыхум сабийм къыхуеIуатэ гъащIэм и упщIэ нэхъыщхьэхэм я жэуапхэр. Абы къыхэкIыуи ар Iэщ1агъэ къудейкъым, атlэ цIыхум и дуней тетыкIэщ, и псэукIэщ. Цы1хум игури и псэри зрит Iэщ1агъэщ ар.

КЪЫЗЭРЫСЛЪЫТЭМКIЭ, псом хуэмыдэу мыхьэнэ ин иIэщ егъэджэныгъэм и пэщIэдзэ Iыхьэм. Сабийр школым щыкIуа ялэ илъэсхэм абы еукъудий щIэныгъэм адэкIэ зэрыхуэкIуэну гъэугур, егъэтIылъ еджэныгъэм, гъащIэм, дунейм и зэхэлъыкIэм теухуа и гупсысэхэм я лъабжьэр. Ар сабийм къызэрехъулIэм елъытащ адэкIэ иIэну ехьулIэныгъэхэр, здынэсыфыну лъагапIэхэр. Адыгэ псалъэжьми араща щыжиIэр: «Лъабжьэр быдэмэ, щхьэкIэр лъэщщ».

ПэщIэдзэ классхэм щеджэ сабийхэм щIэныгъэм и лъабжьэ быдэр егъэгъэтIылъыным, еджэным гукъыдэж хуаIэрэ абы текIуэныгъэ цIыкIухэр кьыщахьыфу ехьулIэным си гъащIэр тезухуащ. Сэри. Ильэсипщ1 хъуауэ а Iэщ1агъэм сролажьэри, школыр си дежкIэ си гум зыщIигъэпсэху щIыпIэщ. ЩIэныгъэлI цIэрыIуэ Ключевский Василий зэрыжиIащи, «ЕгъэджакIуэфIу ущытын щхьэкIэ, фIыуэ плъагъун хуейщ зыхуебгъаджэри абы хуебгъаджэри». Аращ сэри си гъащIэ мардэр.

ЕгъэджакIуэ Iэщ1агъэм хуэгъэпса гуращэхэр пасэ дыдэу си псэм кьыщыучащ. Ар зи фIыгъэр си ялэ егъэджакIуэ, Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ кьуажэм дэс Кьалмыкъ Аллэщ. А цIыху щыпкъэм и псэлъэкIэ дахэм, и гум илъ IэфIыгъэм классым сабийуэ щIэсыр дызыIэпишэрт. Егъэджэныгъэм гурэ псэкIэ сызэрыбгъэдэтыр Аллэ кьыхилъхьа хьэлу ехьсщохьу. Къэхъуакъым си лэжьыгъэм сыщытезэша е абы гукъыдэж щыхэмыIа. Дапщэщи сыхущIокъу егъэджэныгъэм кьыхьыхэ IэмалыщIэхэр си гуаэзу щIэблэм садэлэжьэну, школакIуэхэм гъэсэныгъэ екIу яхэслъхьэну, я къэухьым, дуней еплъыкIэм зезгъэужьыну, пэжыгъэм, дахагъэм хуэзущиину. Си дерсхэм щызэхуэхуэнащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэр зэрызэпкърылъ унэтIыныгъэ куэд.

Ди лэжьыгъэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъхэм ящыщщ сабиипсэр нэсу зыхэпщIэныр, абы и гурылъ-гуращэхэр кьыбгурыIуэныр, и гупсысэхэр къэбгъэнаIуэу ахэр тэмэму унэтIыныр. Зи псэр кьыпхуэзIуэзымыха школакIуэм ахэр бгъэдэплъхьэну тынш-кьым, аращи псом ялэ сабийр псэкIэ уи гъунэгъу пщIын хуейщ. ИтIанэщ сабийм щIэныгъэ куу щептыфынури, гъэсэныгъэ екIу щыхэплъхьэфынури.

Егъэджакlуэрщ зыгъэхьэзырыр къэкIуэну зэманым ди къэралыр зи Iэмыщ1эм илъыну цIыхухэр. Зыщывмыгъэгъупщэ фи егъэджакIуэхэр. Ахэр ящыщщ гъащIэ гъуэгум фыхуэзыущий цIыху пэжхэм.

МЭРШЭНКЪУЛ Анжелэ,
Налшык дэт курыт школ №7-м и егъэджакIуэ, КъБКъУ-м и студентк.

Мэршэнкъул Анжелэ и гъэсэнхэр и гъусэу.

● ЩIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и налкъутналмэс

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ «Iуащхьэмахуэ-Elbrusregion» зи фIэщыгъэ лэжьыгъэщIэ. БзитIкIэ - урысыбзэрэ инджылызыбзэкIэ - зэхэгъэува Iэдакъэщ1экIыр, зэрыгурыIуэгъэщи, сэбэп яхуэхъунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщагъэпсэхуну хамэ къэралхэм кьикI ди хьэщIэхэм.

ТХЫЛЪЫМ щызэхуэхьэсащ Iуащхьэмахуэ лъапэ и щIыпIэ телъыджэхэм ятеухуа тхыгъэхэр. Адыр-Су, Джилы-Су, Терскол, Чегет аухэм, псыкъелъэхэм, псыежэхэм, нартсанэ кьыщIэжьыпIэхэм я дахагъэм блэкIыфынщыIэу кьыщIэкIынкъым. Лэжьыгъэм ихуа сурэтхэр Щоджэн Жаннэ трихащ.

Къыдэкlыгъуэр щIэщыгъуэ зыщIыр цIэрыIуэ хъуа щIыпIэхэм, зыгъэпсэхупIэхэм, лъэпкъ хъугъэфIыгъуэхэм ар зэрытепсэлъыхьым и закъуэкъым, атlэ бгы уардэр кьызэрагъэIурыщIам, тхыдэм хыхьа Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэм, къэхъугъэхэм щыгъуазэ зэрызыщIыщIыфынурщ. Зы напэкIуэцIым сурэтыр итщ, къыкIэлъыкIуэм абы кьишым теухуа тхыгъэ кIэщIрэ ар картэмкIэ зыхуэзэ щIыпIэмрэ къыщыхьащ. ИнджылызыбзэкIэ тхыгъэхэр филологие щIэныгъэхэм я доктор Смирновэ Наталье зэридзэкIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и налкъутналмэсым зыщозыгъэплъыхьэ «Iуащхьэмахуэ-Elbrusregion» тхылъыр и бжыгъэкIэ 1000 мэхъу. Къыхэгъэщыпхъэщ ар цIыхухэм уаэзрыхуэупсэ хъун тыгъэу къэбгъэсэбэн зэрыхъунури.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъ.

● ГуфIэгъуэ зэхыхьэхэр

Шэджэм псыкъелъэхэм я махуэр яIэт

Шэджэм районым и администрацэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ мы щIыналъэм гъэ къэс бадзэуэгъуэ мазэм и япэ тхьэмахуэ махуэм Шэджэм псыкъелъэхэм я махуэ щекIуэкIынущ.

А ГУФIЭГЪУЭМ теуха япэ зэхыхьэр Шэджэм псыкъелъэ цIыкIум пэгъунэгъу уэкIым щрагъэкIуэкIащ. Абдеж тхьэмахуэ кIуам щызэхуэсащ районым щыпсоуэхэр, РСФСР-м и Парламентым и Правительствэмрэ я Iэтащхьэхэр. ГуфIэгъуэ дауэдапщэхэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэ Сарбашеевэ Светланэ, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Жанатаев Салим, депутатхэу ТекIушэАртур, Хочуев Рэмзэан, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал IуэцI политикэмкIэ и управленэм и унафэщI Къужэкий Артём, щэнхабзэмкIэ министр Къумахуэ Мухьадин, спортымкIэ министр Хъущт Аслъэнбэч, Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниием и къудамэ «Къэбэрдей-Балкъэр» компаниием и унафэщI Фырэ Руслан, республикэм курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрым и къуэдзэ Афэунэ Владимир сымэ.

ГуфIэгъуэ Iуэхухэрэкъыдзэгъэпэщыным жьыджэру хэлэжьыхьащ Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Къанщобий, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ район советым и тхьэмадэ Уэдыжь Хьэсанш, Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэЗэщIэуэзда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я район советым и тхьэмадэ Iэрыпщэ Борис, район администрацэм и аппаратым кулыкъу щызыIыгъ лэжьакIуэхэр, щIыналъэм щыIэ предприятхэмрэ организацэхэмрэ я унафэщIхэр, абы хиубыдэ жылагъуэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

Районым щыщ дэтхэнэ зы къуажэмэ гуфIэгъуэр къыщIэзрагъэпэщэ хуейм езым и шэтыр щигъэуващ. Абы екIуалIэхэр къуажэм и къеIуэкIыкIам, абы и нобэрей псэукIэм, зэрIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ цIыху пэрытхэм я Iуэхущ Iафэхэм щыгъуазэ ящIырт, ерыскъы Iэнэ къыхуащтэрт.

Махуэ псом уэрэдзмрэ къафэхэмрэ увыIакъым. Утыкум къихьэрт республикэм и артист цIэрыIуэхэр, сабий къэфакIуэ гупхэр, балигъхэм я художественнэ самодеятельностыр. ХьэщIэхэм я нэгу зрагъэжьащ «Эрирей», «Шэджэм псыкъелъэхэр», «Жашлыкъ» цIыхубз ансамблхэм, Музыкэ театрым и уэрэджьIакIуэхэу Мамбэт Мадинэ, Багъ Любовь, Мэз Джульеттэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Зеущ Iэуес, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист Бапинаев Зариф, зэшпхъуэху АхъуэхъуэЛанэрэ Марьянэрэ.

Нартан къуажэм и «Вагъуэ цIыкIу» сабий ансамблым хэтхэм Iэгуаеу иным щIэту «Зэныбжьэгъуищым я къафэр» ягъэзэщащ. Хореографием и лъэныкъуэкIэ зэфIэкIышхуэ зэрыбгъэдэлъыр махуэшхуэ утыкум щигъэлъэгъуащ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм и «Къундет» сабий къэфакIуэ ансамблым.

Программэм хиубыдэу утыку кърахьащ районым и цIыху Iэпщэлъапщэхэм я лэжьыгъэхэр, сабийжэм ящIа сурэтхэр. ЕплъахэмхуабжьуягуврихьащШэджэм посёлкэм, Булунгу, Нартан, Щхьэлыкуэ, Шэджэм Ищхьэрэ, Яныкъуей, Лашынкъей къуажэхэм щыщ цIыху Iэпщ1эпащ1эхэм пхъэм хъыбагъэжа, жэзым къыхаIущIыкIа я лэжьыгъэхэр, хэдыкIэр, сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр.

Махуэшхуэр игъэдэхауэ жьпIэ хъунущ мы районым щалъуа Брай Ратмир къызэригъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм. Абы къызэхуэсахэм я пащхьэ кърихьащ езым зэхуихьэсыжа пасэрей адыгэ Iэщэ-фащэр - фоч, фокIэщI зэмылIэужьыгъуэхэр, къамэхэр, сэшхуэхэр, джатэхэр, дыщэм, дыжьыным къыхэщIыкIа хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр. ЕплъахэмгукъинэящIыхьнущ музей зэмылIэужьыгъуэхэм щагъэлъагъуэ экспонату мыбы хэлъахэри. Апхуэдэ пасэрей хьэпшыпхэр адыгэхэм епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм унагъуэми лэжьыгъэми къыщагъэсэбэпу щытащ.

Мывэ дзынымкIэ, хьэлъэ къэIэтынымкIэ, кIапсэкIэ зэпкъунымкIэ, нэгъуэщIхэмкIи спортсмен 60-м щIигъу зэпеуащ. Мывэ абрагъуэр метри 10,4-кIэ идзри, псоми ятекIуащ Чеченов Алибэч. Килограмм 24-рэ зи хьэлъагъ гырэр 70-рэ къиIэтащ Хьэгъэжей Алим. КIапсэкIэ зэпекъунымкIэ текIуэныгъэ къахьащ Шэджэм псыкъелъэхэм кьедза жылагъуэхэм зэхуашэса гупым. IэпщэрыбанэмкIэ Мусуков Щамил текIуэфын къыкъуэкIакъым. ТекIуахэм ираташ медалхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ.

Зэхьэзэхуэр зэфIэкIа нэужь курортхэмрэ туризмэмкIэ министрым и къуэдзэ АфIэунэ Владимир жиIащ: «ИкъукIэ гуапэщ псоми ди зэхуэдэ гуфIэгъуэм - Шэджэм псыкъелъэхэм я махуэм - мыпхуэдизэ хьэщIэ къызэрекIуэлIар. Мыр къызэрымыкIуэ махуэщ, ауэ и гъуэгур кIыхь хъуну узыщIыгугъ хъунущ. Шэджэм районми, зэрыщыту республикэми мыпхуэдэ зэхьыхьэхэр щынэхъыбэху псом ди дежкIи нэхъыфIщ. Дэ щыпIэ дахэ куэд диIэщ нэхъыбэрэ укIуэну икIи уатепсэлъыхьыну яхуэфащэу. Шэджэм псыкъелъэхэм я гъэщагъэмрэ я инагъымрэ гъэщIэгъуэн къызыщымыхъу хьэщIэ республикэм къихьэркъым. Мы махуэшхуэр кIыззэзыгъэпэщахэм фIыщIэ ин яхуэфащэщ апхуэдэ гукъэкIым папщIэ. Псом зэхуэмыдэу гуапэщ мы Iуэхум районым щыпсэуэхэр жьыдэру зэрыхэтар. Абыхэм ирахэ хьэщIагъэр нэгъуэщI щыIпIэ къикIахэм щIэх ящыгъупщэжыну къыщIэкIынкъым».

ПОГРЕБНЯК Ольгэ.

● Хъыбар гуапэ

Махуэ Билал утыку къохьэж

Иджы бэнэкIэ хуитымкIэ зэпеуэхэм яхэту

Бадзэуэгъуэм и 5-м Дагыстэным и Каспийск къалэм щиухащ бэнэкIэ хуитымкIэ илъэс къэс екIуэкI дунейпсо фэеплъ зэхьэзэхуэр. Алиев Алий и цIэр зезыхьэр. Килограмми 125-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж абы текIуэныгъэр къыщихьащ Махуэ Билал. Ар финалым щефIэкIащ нэгъуэщI ди адыгэ щIалэщIэ Къущхьэ Мурадин.

ДУНЕЙ псом бэнэкIэ хуитымкIэ щэнейрэ и чемпион, Олимп Джэгуэхэм жэз медалыр къыщызыхьа Махуэ Билал иужьрей илъэситIым алыдж-урым бэнэкIэм зыкъыщеГъэлъагъуэ. Абыи ехъулIэныгъэфIэхэр щызыIэригъэхьащ. Нагъабэ дунейпсо чемпионатым етIуанэ щыхъуащ, мы гъэм Урысей Федерацэм щытекIуащ. Мис аргуэру бэнэкIэ хуитымкIэ утыку къихьэжащ.

- Сэ сыхуеякъым Махуэ Билал мы зэхьэзэхуэм хэтыну, сышынэрт и Iэблэм игъэта фэбжьыр къэхьеижынкIэ, - жиIащ Урысей Федерацэм бэнэкIэ хуитымкIэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ, абы къыдэкIуэуи Билал и щхьэзакъуэ тренер Гусейнов Магомед. – Арщхьэкlэ езым тригъэчыныхьащ икIи зыми шэч къызытримыхьэн текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ. Къущхьэ Мурадини къыхэзгъэщхьэхукIыну сыхуейт. Билал къыдэIэпыкъуурэ ар езы Махуэм лъэщIыкъэфынущ. Къущхьэр иджыпстуи лъэщу мэбанэ, ауэ зэкIэ и ныбжьэгъу нэхъыжьым зыри пэлъэщIфынукъым.

- Махуэм бэнэкIэхуитымкъигъэзэжьпэрэ дунейпсо зэпеуэм хэтыну гукъыдэж ищIмэщ?

- Хуабжьу сфIэфIу Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэзгъэхьэнт. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, Махуэ Билал и закъуэщ бэнэкIэ хуитми алыдж-урым бэнэкIэми зэхуэдэу лъэщу зыкъыщIызыгъэлъэгъуэфыну къэралым исыр. Куэд щIауэ траухуащ ар алыдж-урым бэнэкIэмкIэ дунейпсо чемпионатым бжьыхьэм зэрыкIуэр. Ардыдэм щекIуэкIынущ бэнэкIэ хуитымкIэ зэхьэзэхуэри. Сошынэ зэпеуитIым зэуэ Билал хэмытыфынкIэ. Абы щыгъуэми а Iуэхум унафэ пыухыкIа зэкIэ тетщIыхьакъым. Нобэкlэ бэнэкIэ хуитым цIыхуищым дащыхоцэ - Гацалов Хьэжмурат, Къущхьэ Мурадин, Махуэ Билал. Быдэу дыгупсысэн хуейщ. Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым етIанэгъэ Олимп Джэгуэхэр къызэрытпэщыльыр. Спорт бэнэкIэмкIэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхахэр гуп зэкъуэту дыззэдолажьэ, зыр адрейм дыдэIэпыкъуу. Махуэм текуухуэу сепсэлъэн хуейщ алыджурым бэнэкIэмкIэ къералым и гуп къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Когуашвили Георгий ди федерацэм и президент Мамашвили Михаилрэ. Бэнэкlэ хуитымкIи алыджурым бэнэкIэмкIи Олимпиадэм дыкIэну хуит дызыщI лицензэхэр дунейпсо чемпионатым къыщытхьын хуейщ. Абы къыхэзыIыну Махуэ Билал нэхъ сэбэн щыхъуну лIэужьыгъуэм е лIэужьыгъуитIми щыдгъэбзэнэщ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Футбол

Бадзэуэгъуэм и 28-м щIадзэ

Мэзкуу дэт Футболым и унэм бльыхьэ кIуам щызэхэта зэIущIэм щагъэбелджылащ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2015-2016 гъэхэм щыIэну зэхьэзэхуэм щыщIидзэнумрэ абы хэтынухэмрэ.

«СПАРТАК-Налшыкым» зэпеуэр и стадионым щыщIидзэнущ. Бадзэуэгъуэм и 28-м абы курыгъэблэгъэнущ «Астрахань» футбол клубыр. Календарыр зэрыщыту хьэзыр щыхъунур нэхъ иужьыIуэкIэщ.

ЕтIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым мы гъэм хэтыну зэкIэ хуагъэфащэ командэ 16. Мис ахэр: «Алания» (Владикавказ), «Ангушт» (Нэзрэн), «Астрахань» (Астрахань), «Iэфыпс» (Iэфыпс), «Биолог-Новокубанск» (Прогресс), «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь), «Дружба» (Мейкъуапэ), «Краснодар-2» (Краснодар), «Кубань-2» (Краснодар), «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ), «Митос» (Новочеркасск), СКА (Дон Iус Ростов), «Сочи» (Сочи), «Спартак-Налшык» (Налшык), «Тэрч-2» (Грозн), «Черноморец» (Новороссийск).

Урысей Федерацэм футболымкIэ и кубокыр къхьыным теухуа зэхьэзэхуэм и пхъэидзэри зэхэтащ. Абы ипкъ иткIэ финалым и 1/128-нэ Iыхьэм ди щIалэхэр хуэзэнущ «Ангушт» - «Мэшыкъуэ-КМВ» зэIущIэм щытекIуэм.

ХьЭТАУ Ислъам.

● Псы спорт

Ди дежкIэ щIэщ икIи гъэщIэгъуэнщ

Бахъсэн район администрацэм и саугъэтым щыщIэбэна, псы спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ фестиваль (поло, псым есын, псы Iуфэм волейболрэ футболрэ щыджэгун) зэпеуэр «Джэдыкъуэ» уэнншагъэр щрагъэфIакIуэ-спорт комплексым щекIуэкIащ. Къызэгъэщын хуейщ мы спорт лIэужьыгъуэмкIэ зэпеуэр ди республикэм иджы япэу щекIуэкIыу зэрыарар. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и районы 4-м, къали 2-м я спортсмен 70. Саугъэту ятынур сом мини 150-рэ хъурт.

ФIэхъус псалъэ гуапэхэмкIэ спортсменхэм зыхуагъэзащ КъБР-м спортымкIэ и министр Хъущт Аслъэнбэчэр Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэнрэ.

- Фестивалыр къащIыIэзэпэщащ щIалэгъуалэм спортымрэ я узынщагъэмрэ гулъытэ хуедгъэщIыным и закъуэкIым, атIэ ди республикэм сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи, абы спортри хьихьэу, зэрызиужьыр дгъэлъэгъуэныр, - жиIащ районым и Iэтащхьэм.

- Мы фестивалым Къэбэрдей-Балъкъэрым спортым нэхъри зыщIигъэубгъунущ, сыту жыIэмэ нобэ зэрызэпеуэнухэр олимп лIэужьыгъуэхэм ящыщщи, - къыхигъэщащ Хъущт Аслъэнбэч.

Зэхьэзэхуэм Бахъсэн къалэм и гупыр щытекIуэри, зэIэпах Кубокыр къахьащ. ЕтIуанэ увыIэр лъысащ Налшык къалэм къикIахэм, Бахъсэн районым и спортсменхэр ещанэ хъуащ.

Спорт зэхьэзэхуэхэм къадэкIуэу, фестивалым хэтахэм я нэгу зрагъэужьащ Бахъсэн район администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм къызэригъэпэща концертым.

Мы Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм я мурадщ Кавказ Ищхьэрэм и хэгъуэгуэрэм зэпеуэм къыхашэну.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн район администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапэм и унафэщI.

Лэжьапlэ зытхэм гу зылъатапхъэ

«2014 - 2015 гъэхэм ныкъуэдыкъуэхэм ящыщу лэжьапIэмшэхэр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэща IэнатIэхэм гъэувынри хиубыдэу, цIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ пыщIауэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэм трагъэкIуэдэну ахъшэр зэрыкъуэтIыпщ щIыкIэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м къыдигъэкIа унафэ №69-ПП-р гъэзэщIэн мурадкIэ «Налшык къалэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и центр» къэрал кIэзонэ Iуэхущ Iапэм фрегъэблагъэ ныкъуэдыкъуэхэм ящыщу IэнатIэ Iумытхэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщыным хэзгъэза программэм фыхэтыну.

Программэм ипкъ иткIэ Лэжьыгъэмкlэ центрым предприятхэмрэ Iуэхущ Iапэхэмрэ зэгурыIуэныгъэхэр ящIыпIэ ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ лэжьапIэ IэнатIэхэр къызэгъэпэщыным теухуауэ.

-Налшык къалэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и центр» къэрал кIэзонэ Iуэхущ Iапэм федеральнэ бюджетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетымрэ яахъшэкIэ лэжьапIэ зытхэм яхуэпшыныж ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ IэнатIэхэр къызэгъэпэщыным абыхэм трагъэкIуадэ ахъшэр.

ФыщIэупщIэ хъунущ 77-41-96 телефонымкIэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Ныкъусаныгъэхэр зэрагъэзэкIуэжым кIэлъоплъ

Бабугент къуажэ администрацэм и лэжьакIуэхэм я Iуэхущафэмкlэ зэрымыарэзым, апхуэдэу сабий зеинш эхэм, адэ-анэм я кIэлъыплъныныгъэм щIэмытыжу къэнахэм ящыщу учётым щытхэр псоупIэ хуэныкъуэхэм я спискэм зэрыхамыгъэхьам теухуауэ щIыпIэм щыпсэу цIыхубзым итхьылъэ хабзэм тету ятхакъым, жэуапри иратыжакъым.

Къэпщытэныгъэм кърикIуам ипкъ иткIэ, къызэрахутамкIэ, щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм 2008 гъэм мазаем и 4-м къыдигъэкIа унафэ №18-пг-м ипкъ иткIэ и дэлъхум и бынитI абы пIыжьырт. 2010 гъэм зыр балигъыпIэ иуващ. Илъэс 23-рэ ирикъуукIэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэ и лъэныкъуэкIэ абы щэсыпIэ щхьэхуэ иIэн хуейт. Ауэ федеральнэ законодательствэр къызэпаудри, чэзууншэу псэупIэкIэ къызэрагъэпэщын хуейхэм я спискэм хагъэхьэн щхьэкIэ 2008 гъэм и пэщIэдзэм цIыхубзым ита тхьылъыр хабзэм тету ятхакъым, жэуапри иратыжакъым.

Къэпщытэныгъэм кърикIуам ипкъ иткIэ, районым и прокуратурэм Бабугент къуажэ администрацэм и Iэтащхьэмрэ Шэрэдж щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и Iуэхущ Iапэм и унафэщIымрэ я цIэкIэ зыхуэфащэ тхьылъхэр игъэхьэзыращ.

Ныкъусаныгъэхэр зэрагъэзэкIуэжым прокуратурэр кIэлъоплъ.

Къуаншэу къалъытэ

Май щIыналъэм и судым и унафэкIэ, илъэс 23-рэ си ныбжь плъыр-пост къулыкъум и инспекторыр ягъэтIысащ. Ар ягъэкъуаншэрт УФ-м и УК-м и 111-нэ статьям и япэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэ зэрилэжьам къыхэкIыу.

Судым къызэрихутамкIэ, 2014 гъэм фокIадэм и 8-м Майкъэм дэт «Майскэ» кафем деж гужьгъэжь зыхуIэ цIыхухъым и щхьэм ар Iэштымкlэ щеуэри, и щхьэ кущIыр игъэхьелщ, клеткэхэр иущэбащ, и щхьэ къупщхьэр пхиудащ. Абы щыгъуэ инспекторыр и кулыкъым пэрытакъым.

Судым ар къуаншэу къиIытащ икIи прокурорым хуигъэлъагъуэр диIыгъри, илъэсищкIэ игъэтIысащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ Iапэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфIыщIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмышI Иэ.**

Езыгъэтхэхэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапэхэм я ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэгъэкIаКIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Багъэтыр Луизэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгу* **Елмэс ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ гаметым и теплъэр ящIащ* **Дол Мариэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номеры «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.017 ● Заказ №1161